

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

### Medal saban dinten Djoemawah.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—  
Langkoengipoen, saban 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 sagaris;  
(apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:  
**B. SOEMARNA**  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

REGINIPOEN LENGGANAN  
SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taon . . . . . f 7.50 } njoewoen kabajar  
1/2 . . . . . f 3.75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie:  
IGNATIUS-COLLEGE  
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius” Djokja.



#### INGKANG SINOHOEN KANGDJENG SANTO BAPA PIUS XI.

1857. 31 Mei, mijos ing Desio, tjelak Milaan, poeta nomer sekawan; ingkang rama Francisco Ratti, ingkang iboe Teresa Calli.

1857. 1 Djoeni; kabaptis ing gré-dja paroki Desio; asma Ambrosius. Damianus, Achilleus.

1860-1866. Tampi woelangan sapisanan wonten ing dalem saking Pastoor G. Volontieri. Pasinaon poenika laminipoen sataoen. Kedjawi tampi piwoelang bab kawroeh, oegi tampi piwoelang ingkang mligi toemrap kabatosan saking Pastoor D. Ratti, pamanipoen Sang tjalon Santo Bapa.

1867. Dateng Séminari alit inggih poenika Séminari Santo Pétroes Martelaar ing Milaan; sami-sami moerid kagolong ingkang wanter pijambak; ingkang dipoen remeni sanget piwoelang bab matésis; wonten reraosan badé kakintoenaken dateng Turijn perloe ngldjengaken pasinaon bab poenika.

1879. 8 Oktober. Dados student ing Lombardisch College ing Roem.

1879. 20 Désèmber. Kaberkahan dados Imam.

1879. 21 Désèmber. Njaosaken Koerban Mis ingkang sapisanan wonten ing San Carlo al Corso ing Roem.

1882. 13 Maret. Angsal titel Laureaat ing Theologie wonten ing Universiteit Sapienza ing Roem.

1882. 9 Djoeni. Angsal titel Laureaat ing Canoniek recht wonten ing Gregoriaansche Universiteit ing Roem.

1882. 28 Djoeni. Angsal titel Laureaat ing Filosofie wonten ing Academie Santo Tomas ing Roem. Saking peng-pengan anggènipoen ik-samen, (inggih poenika tampi bidji kedah 25), ngantos kapareng sowan pijambakan wonten ing ngarsanipoen Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII.

1882. Djoeli. Dados Aartsbis-schoppelijk delegaat wonten ing paroki Barni; wiwit Djoeli ngantos Sèptèmber garapanipoen namoeng mligi ingkang magepokan kalijan paroki.

1882. Oktober. Dados Leeraar moelang Gewijde Welsprekendheid lan dogmatiek wonten ing Séminari Santo Pétroes ing Milaan.

1882. November. Dados panoentoen ing prakawis kabatosanipoen tetijang ing Cenakel ing Milaan.

1883. 18 Djanoewari. Toemapakipoen moelang wosipoen agami dateng laré<sup>2</sup> ingkang badé tampi Kommoeni Soetji ingkang sapisanan.

1883. 4 Pébroewari. Toemapaking koersoes-koersoes kanggé laré-laré èstri nénéman, soepados mindak pangertosipoen dateng wosing agami.

1883. 4 November. Ngedégakan pakempalaning para goeroe wanita Katoelik, perloe mentjaraken piwoelang wosing agami.

1888. 5 November. Dados Bibliotékariipoen Ambrosiaansche Bibliotheek ing Milaan.

1889. 31 Djoeli. Nginggahi redi Monte Rosa, saweg sapisan poenika Monte Rosa kainggahan saking Itali.

1890. 1 Agoestoos. Wontenipoen Ratti-traject ing redi Mont Blanc; Sang tjalon Santo Bapa medak saking redi oeroet margi ingkang wingi oeni dèrèng wonten tijang ingkang poeroen (wani) ngambah.

1891. Djoeni. Tindak dateng Weenen perloe njinaoe salah satoenggiling kawroeh.

1893. Djoeli. Kaoetoes dateng Parijs ngrembag prakawis ingkang magepokan diplomatiek.

1895. Saking pamoendoetipoen Kangdjeng Maha-biskop, Kardinaal Ferrari, ing Milaan, ngedégakan pakempalaning para Imam, ingkang tjalon moelang agami wonten ing pamoelangan-pamoelangan ing Milaan.

1899. Oktober. Wangsoel malih dateng Roem perloe njinaoe salah satoenggiling kawroeh.

1899. Wonten reraosan badé dipoenadjak dateng Pool lèr, nanging sarèhné wonten prakawis sanès ingkang langkoeng perloe, mila boten sijos.

1907. 6 Maret. Dados Huisprelaat Dalem Kangdjeng Santo Bapa.

1914. 8 Djoeni. Dateng London.

1914. Agoestoos. Dados Prefect Vaticaansche Bibliotheek.

1914. 14 Sèptèmber. Dados Kanunnik ing Sint Pieter.

1914. 28 Oktober. Dados Protonotarius Dalem Kangdjeng Santo Bapa.

1918. 19 Mèi. Dados Apostolisch Visitator ing Polen.

1918. 30 Djoeni. Nalika ing Warschau wonten arak-arakan Sakramèn Maha-soetji, Pandjenenganipoen ingkang mbopong Sakramèn Maha-soetji.

1919. 19 Djoeli. Dados Nuntius ing Warschau.

1919. 28 Oktober. Kaberkahan dados Biskop wonten ing Warschau.

1919. Désèmber. Tindak pepriksa wonten ing Litauen.

1920. Pébroewari. Dados Voorzitter in de geallieerde commissie voor Hoog-Silezie.

1920. Maret. Pepriksa wonten ing Letland.

1920. 13 Agoestoos. Tijang Bolsewiki ambjoek dateng Warschau; sadaja liding corps diplomatique sami kepladjeng; namoeng Mgr. Ratti ingkang kantoen.

1921. Maret. Dados Maha-biskop ing Milaan.

1921. 13 Djoeni. Dados Kaardinaal.

1921. 15 Djoeni. Tampi topi abrit. Kangdjeng Santo Bapa Benedictus XV paring pasemon jèn béndjing badé kapilih dados Santo Bapa.

1921. 29 Agoestoos. Mangagengi tijang soedjarah dateng Loerdes.

1921. 5 Désèmber. Toewi ingkang wekasan dateng Desio, doesoen kalairan.

1921. 6 Désèmber. Kaarak loemebet ing Milaan.

1923. 2 Pébroewari. Wiwitipoen Conclaaf.

1923. 3 Pébroewari. Wiwitipoen pilihan.

1922. 6 Pébroewari. Kapilih dados Santo Bapa Pius XI.

1922. 12 Pébroewari. Tampi ma-koetaning Santo Bapa.

1922. 11 Pébroewari. Kradjan Dalem Kangdjeng Santo Papa kawangsoelaken. K. S. Bapa dados Nata mardika.

#### POEDJASTOETI KONDJOEK INGKANG SINOHOEN KANGDJENG SANTO BAPA PIUS XI.

Serat Katholiek poenapa kémawon ing taon poenika njaosaken poedjastoeti doemateng Ngarsa Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI, déné anggènipoen djoemeneng Imam sampoen 50 taon, mila Swara Tama inggih boten poeroen kantoen njaosi poedjastoeti. Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa poenika ngertos basa katah, dalasan Arab inggih mangertos, namoeng éman sakedik, déné basa Djawi boten mangertos. Anggèn koela matoer „éman” waoe, sadjatosipoen boten soemedya njoeda kaloehoeran Dalem, namoeng kabeketa saking kepéngin koela dipoengapé.

#### Dados Imam taon 1879.

Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa poenika anggènipoen binarkahan dados Imam rikala taon 1879. Toemtrap kita tijang Katholiek, sami-sami pangkat sadunya: kaimaman poenika pangkat ingkang inggil pijambak, amargi njepeng pangoe-wasa ingkang oenggoel pijambak inggih poenika njaosaken Koerban Mis sarta ngapoenten dosa poenapa déné maringaken Sakramèn sanès-sanèsipoen.

Njaosaken koerban poenika sampoen wiwit kina mila. Manoet Kitab Soetji, ingkang miwiti njaosaken koerban: Abil kalijan Kain. Abil njaosaken koerban awarni tjempé moeloes, Kain awarni pamedaling pasitènipoen. Poenapa ta perloenipoen njaosi koerban? Ingkang masti, Abil lan Kain dipoentjrijosi déning ingkang bapa inggih poenika Bapa Adam, bilih Pandjenenganipoen roemijin wonten ing Taman Pirdoes. Wonten ing ngrikoe rahadjang kaaken poeta déning Goesti Allah, sarta kagadang badé kainggahaken ing Swarga satoeroen-toeroenipoen, tanpa mawi pedjah roemijin. Nanging moerih ngaosana dateng peparang Dalem, Bapa Adam katjubi roemijin: boten pareng neda woh awisan. Jèn kalampah neda badé katoendoeng saking Pirdoes, boten kaaken poeta lan boten kapareng minggah Swarga. Poenika inggih toemrap satoeroen-toeroenipoen oegi.

Wasana Bapa Adam neda woh awisan, margi kénging pamboedjoekipoen Iboe Kawa. Iboe Kawa kénging pamboedjoekipoen sètan. Dadosipoen Bapa Adam kadosan, toeroen-toeroenipoen inggih toemoet kadosan, toemoet kètjalan sih kasoesantan, toemoet kètjalan wewenang ing ngatasipoen Swarga, (inggih poenika ingkang dipoenwastani dosa asal, dosa anggèn koela sami maris. (Sawenèh tijang wittjanten: Apa jèn bapa maling, anaké bandjoer djeng maling kabèh? Tetemboengan kados makaten poenika klintoe, awit anggèn koela sami toemoet boten dipoenaken poeta déning Goesti Allah poenika kaseboet ing djanggalanipoen: Jèn kowé toehoe, kowé satoeroen-toeroenmoe Dakpèk anak, Dakdoenogaké ing Swarga, nanging jèn kowé ora mbangoenroet, kowé satoeroen-toeroenmoe Daksébrataké).

Mangsoeli ing nginggil. Bapa Adam sasampoenipoen katoendoeng saking Pirdoes, ladjeng kedoewoeng, nanging sampoen boten saged njaosi pepoelih, djalaran ingkang dipoenserikaken panggalihipoen poenika kaloehoeranipoen tanpa wates.

Oepami tijang pidak pedarakan kamipoeroen napoek ratoe, wah mbok tijang waoe dipoenboetjala dateng poendi ta, kados makaten poenika dèrèng saged damel pepoelih. Oepami tijang waoe kedoewoeng sanget, poenika inggih meksa dèrèng nama tjaoes pepoelih.

Hjang Poetra welas dateng manoenngsa, ladjeng paring kasagahan badé neboes: Jèn sampoen dipoen-teboes manoenngsa poenika angger poeroen ngambah margi ingkang andjog dateng Swarga, temtoe inggih saged loemebet ing Swarga saèstoe.

Bapa Adam angsal kasagahan kados makaten, sanget ing pangadjeng-adjengipoen dateng rawoehipoen Sang Paneboes. Mila inggih ladjeng nglampahi kasaénan. Poetra-poetra-riipoen sami dipoenwoelangi njaosaken koerban sarana njoenati sarta ambesemi tjempé lan sasaminipoen, tegesipoen: pasrah djiwa raga, badé dipoenpoenapak-poenapakaken, inggih mangga, djer sampoen roemaos lepat, ngiras ngakeni jèn Goesti Allah poenika Ingkang Moerba-misésa.

Njaosaken koerban kados Bapa Abil oetawi Kain poenika doemoegi rawoehipoen Goesti Jésoes taksih dipoenlestantoenaken.

Sareng Goesti Jésoes sampoen rawoeh, ingkang dados koerban kasantoenan, inggih poenika Goesti Jésoes pijambak wonten ing redi Kalpari. Koerban tanpa wates asipoen, djalaran Goesti Jésoes poenika kaloehoeranipoen tanpa wates.

Saking karsanipoen Goesti Jésoes, anggènipoen njaosaken koerban waoe kateroesaken doemoegi poeng-kasaning djagad, nanging tanpa ngedalaken Rah, inggih poenika woedjoed Koerban Mis. Pandjenenganipoen matah para Rasoeel sagegentosipoen nindakaken njaosaken Koerban waoe. Para Rasoeel kadadosaken Imam, sarta sadaja kémawon ingkan tampi Sakramèn kaimaman kanti absah, gadah pangoe-waos njaosaken Koerban Mis.

Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa bingahipoen kados poenapa nalika dipoenbarkahi dados Imam. Atoer panoeuwenipoen dateng Goesti Allah kados poenapa, déné kalilan njaosaken Koerban, mangka ingkang dados Koerban waoe Allah pijambak. Saèstoe pangkat ingkang saklangkoeng loehoer. Dalasan Malaékak boten kaparingan pangkat kados makaten.

Toenggilipoen pangoe-waos ngapoenten dosa, dalasan Dèwi Marjah, sami-sami titah soetji pijambak, meksa boten kaparingan. Dèwi Marjah koewaos njoewoenaken pangapoentening dosa, nanging boten koewaos maringi.

Sapinten katahing Koerban Mis



— GRÉDJA SĀNTŌ PĒTROES ING KITA ROEM —

ingkang sampoen katjaosaken ing Kangdjeng Santo Bapa ing salebetipoen 50 taon poenika, para maos saged nginten-nginten pijambak. Prakawis ngapoenten dosa, poenika kaping pinten, angèl pangétangipoen. Nanging sanadjana namoeng sapisan, manawi tijangipoen ingkang dosa waoe saged minggah Swarga, inggih sampoen loemajan.

ISINIPOEN:

Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI. — Poedjastoeti Kangdjeng Santo Bapa Pius XI. — Wanita ing babagan sosial — R.A. Kartini — Noewoen sanget — Boenbon tjrakèn — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

#### Dados Biskop taon 1919.

Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa poenika sareng sampoen dados Imam 40 taon, ladjeng kadjoendjoeng dados Biskop. Prakawis Sakramèn, Sakramèn kaimaman poenika namoeng satoenggaling, nanging kénging kaopemèkkaken oendak-oendakan. Oendak-oendakan ing ngandap: Diaken. Nginggilipoen: Imam. Nginggil pijambak: Biskop. Kadosdéné Diaken ingkang badé dados Imam, kedah angsal barkah malih, makaten oegi Imam ingkang badé dados Biskop, inggih kedah angsal barkah malih.

Biskop poenika pangoe-waosipoen bab maringaken sarana-sarana ingkang mikantoekekaken sih, nglangkoengi Imam. Biskop kadjawi saged maringaken Sakramèn baptis lsp. oegi saged maringaken Sakramèn kasantosan lan Sakramèn kaimaman.

Ing prakawis pangoe-waos ngerèh, inggih ngoengkoeli Imam.

Kadjawi poenika para Biskop poenika dados gegantosing para Rasoeel, sareng Imam namoeng dados pam-bantoening Biskop.

Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa poenika roemijin djoemeneng Biskop ing Milaan. Milaan poenika misoewoer wonten grédjanipoen ageng ingkang dipoendamel marmer.

#### Dados Kardinaal taon 1921.

Pangkat Kardinaal poenika béda kalijan pangkat Biskop, awit pangkat Kardinaal poenika jasaning Pasamoewan, sareng pangkat Biskop: jasanipoen Goesti Jésoes. Pasamoewan tanpa Kardinaal, saged toemindak, nanging tanpa Biskop, boten toemindak.

Ingkang apangkat Kardinaal poenika boten mesti jèn sampoen angsal barkah dados Biskop. Samangké Kardinaal poenika apes kedah sampo-poen tampi barkah dados Imam.

Kardinaal poenika sanadjana boten tampi barkah dados Biskop, nanging lenggahipoen meksa wonten ing sanginggiling Biskop. Pakarjanipoen para Kardinaal kedjawi mangagengi Kongregasi-kongregasi, oegi kagoengan wewenang milih jèn wonten lowongan Santo Bapa.

Sarèhné ing samangké Kangdjeng Santo Bapa sampoen djoemeneng Nata mardika, dados para Kardinaal poenika apangkat Pangéran. Roemijin pantjènipoen Kardinaal poenika inggih kedah kasamèkkaken kalijan Pangéran. Dados oepami wonten Kardinaal rawoeh ing nagari Wlandi kanti dines, poenika roemijin pantjènipoen kedah kaormatan ka-



dos Pangéran boten béda kalijan Poetra-poetra Ratoe ing sanès nagari. Nanging kala roemijin katah tanah ingkang boten merdoeli ing prakawis poenika, djalaran Kangdjeng Santo Bapa pijambak prasasat Ratoe tawanan.

Sapoenika Kangdjeng Santo Bapa angsal pakoermatan kados Ratoe, mila para Kardinaal inggih tampi pakoermatan kados Pangéran.

Dèrèng lami poenika Pandjenenganipoen Kardinaal van Rossum rawoeh ing negari Wlandi sarta pinanggih kalijan Sri Maharadja sagarwa poetra. Manoe kabir ing koran, panampinipoen Sri Maharadja sampoen boten béda kalijan manawi katamoean salah satoenggaling Pangéran mantja negari. Namoeng ing prakawis sapélé-sapélé kadosta: dipoenatoeri kemboel dahar, dipoenatoeri memriksani kita-kita lsp. temtoe wonten bédanipoen, amargi Kardinaal poenika golongan oelama.

Kadjawi apangkang Pangéran, Kardinalipoen Kangdjeng Santo Bapa poenika minangka Najaka Dalem, njaosi rembag, jèn wonten prakawis ingkang angèl-angèl.

**Dados Santo Bapa taoen 1922.**

Inkang Sinoehoen Pius XI poenika anggènipoen djoemeneng Santo Bapa sasampoenipoen djoemeneng Kardinaal I taoen. Santo Bapa poenika boten sanès namoeng Biskop ing Roem, nanging ngerèhaken Biskop sadjagad oetawi Pasamoewan sawegoeng.

Sarèhné Biskop ing Roem ingkang wiwitan poenika Santo Pétroes, ingkang kadjoendjoeng dados sesirahing Pasamoewan sadjagad, mila Kangdjeng Santo Bapa poenika ingkang dados gegentosipoen Santo Pétroes sarta inggih kagoengan pangowaos ngerèh Pasamoewan sadjagad.

Koela sadaja pitados, jèn Goesti Jésoes jasa agami tegesipoen: moelang kanjataan-kanjataan ingkang kedah koela pitados sarta dawoeh poenapa-poenapa ingkang kedah koela lampahi. Oepaminipoen: moelang jèn naraka poenika langgeng, jèn tijang boten kénging wajoeh oetawi pegatan lsp.

Woesana Pandjenenganipoen mékrad dateng Swarga. Saladjengipoen noenten kados-poendi? Oepami wonten tijang moengel: „Nraika ikeo ora langgeng, wong kena pegatan oetawa wajoeh, poenapa boten adamel binggoeng? Sinten ingkang leres sarta kedah katoeroet? Badé njoewoen pira Goesti Jésoes, sampoen mékrad!

Mila Goesti Jésoes jasa pakempalan inggih poenika Pasamoewan Soetji, ingkang ing prakawis agami boten saged lepat (ingkang amoga), amargi badé kadjangkoeng ngantos doemoegi wekasaning djagad. Dados manawi wonten tijang boten ngeretos, nraika poenika langgeng poenapa boten, njoewoen priksa kémawon dateng Pasamoewan Soetji. Pasamoewan Soetji moelang: nraika ikeo langgeng. Jèn makaten, inggih njata langgeng.

Pasamoewan amoga poenika jèn dipoenwoedjoedi tijang, inggih poenika 1<sup>o</sup> Kangdjeng Santo Bapa, manawi djoemeneng Pangageng-pamisésaning Pasamoewan sadjagad, moetoesi ing prakawis piandel oetawi kasoesilan, sarta madjibaken tijang sa-Pasamoewan, soepados pitados. 2<sup>o</sup> Para Biskop sadaja gandèng kalijan Kangdjeng Santo Bapa (dados sami mentjari ing sadjagad oetawi jèn ngempal wonten ing Konsili oemoem). Poenika manawi moelang prakawis ingkang kedah kita pitados oetawi angger-angger ingkang kedah kita lampahi, temtoe amoga (boten saged klintoe).

Koela sadaja kedah matoer noewoen dateng Goesti Allah, déné jasa Pasamoewan, déné ngwontenaken Pangageng-pamisésa. Oepami tanpa Pangageng-pamisésa, tanpa Santo Bapa, iba anggèng koela sami binggoeng, boten ngertos poendi ingkang leres, poendi ingkang lepat. Margi wontenipoen Santo Bapa, agami Katholik poenika sawidji (sadjagad Katholik piwoelang sami, Sakramèn-sakramèn sami).

Pasamoewan Soetji poenika njata jasanipoen Goesti Allah, awit oepami boten, temtoe sampoen sirna wingi-wingi, amargi mengsahipoen boten kanten-kantenan katahipoen, dateng saking kiwa-tengen. Kraton poenapa kémawon ingkang wontenipoen njareng oetawi ngantoni madjipoen Pasamoewan, sampoen sami sirna oetawi petal-petal, sareng Pasamoewan taksih adjeg ambagegeg kémawon.

Moegi-moegi Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI taksiha pinaringana joeswa pandjari. Sarèhné sampoen dados Pangèn mardika, sageda saja katah mèn-damèndanipoen. Ingkang sami katriwal, samia wangsoel.

Woesana koela sadaja sami njaosaken poedjastoeti ngiras njaosaken sembahjangan langkoeng-langkoeng sapoenika ngleresi Pandjenenganipoen dados imam 50 taoen.

## LARASATI. IV. WANITA ING BABAGAN SOCIAAL.

Sarèhning ing djaman samangké sampoen katah sadèrèk koela wanita, ingkang sampoen pangadjaran, mila saja ngesoek tradjagipoen, kedah badé njarengi djaman ramé ladjeng sageda nglenggahi dradjadipoen. Sawènèh wonten ingkang ngangsek sanget, badé koemedah-kedah boten kantoen kalijan prija ing samoekawis pandamelan; ingkang makaten poenika saking pamanggih koela kirang maton. Ing poendi-poendi kedah wonten pranatan andoem-damel, wonten watesipoen. Wates waoe saged wonten kalanipoen dipoen-elar, kawijarakan; ananging dipoen-itjali babar pisan boten kénging.

Tijang èstri ingkang sampoen gadah sémah toewin moelasara anak, boten badé mrantasi njepeng pandamelan ingkang kados bebahanipoen tijang djaler. Senadjan taksih lamban pisan, ingkang kedah pados pangopadjiwa pijambak, makaten oegi; sebab katah pandamelan ingkang boten salaras kalijan wewatekanipoen wanita. Tijang èstri dados toekang batoe, tijang èstri dados pokroel, tijang èstri sèp setatioen, tijang èstri dados kaptin baita lan sasaminipoen, wah moenggoeh, tjakra, tjoendoek sanget?

Mila njata tjarijosipoen satoenggiling tijang èstri ingkang makaten oengeliipoen: wong wadon ikeo ora bisa mangro tingal; ngèngèr bendara loro; ananging koedoe milih. Sing sapa ora gelem diiri, koedoe-koedoe arep madeg déwé, koedoe ora doewé sing diladèni. Déné samangsa omah-omah, moeng koedoe mligi ngreksa anak-bodjo lan mrantata tek-klawer-ing ngomah. Kang mangkono ikeo djeneng panggawéan loehoer lan adi, toer abot tetanggongé; moelané manawa arep tjawé-tjawé golèk pangoepe-djiwa noeloengi sing lanang, bakal kaboten. Apa manèh batiné sarana mèloe-mèloe maoe, ora bakal ngloewiwi kapitoenané samangsa ninggal omah, awit sarana ikeo bandjoer kapitoenan gedé banget; kapitoenan moenggoehing kabatinan kang preloe déwé. Moela moeng sabeneré baé, jèn wong wadon samangsa omah-omah, koedoe lèrèn saka panggawéané, sebab kaboeboehan panggawéan lija kang loewih loehoer lan oetama. Koewadjiwan ikeo koedoe ditandangi déwé, ora kena dilèmaraké marang lijan.

Poenapa kadjengipoen poenika, sadèrèk sampoen boten kekilasan. Dados tijang èstri ingkang moelasara anak, kedah kaawisan mendamel poenapa-poenapa, ingkang saged ngalang-alangi anggènipoen netepi koewadjiwan ing grija. Inggih leres, margi sakit oetawi pedjah, langkoeng-langkoeng saking ndléanipoen (ngebrèh, rojal) ingkang djaler, tijang èstri kapeksa pados sandang teda kanggé anakipoen, ananging poenika boten manoe adat, poenika kawontenan ingkang boten sames-tinipoen.

Inkang poenika koela boten pisan-pisan, alitipoen boten saroe-djoek, agengipoen menging dateng tijang èstri ingkang totoeloeng dateng ingkang djaler. Boten babar pisan. Malah kosokwangsoel; sampoen saleresipoen manawi tijang kalih sami totoeloeng-tinoeloeng; anggènioeng gesang sesarengan poenika rak soepados manawi wonten poenapa-poenapa dipoensangi tijang kalih; wonten sakétja oetawi paif getripoen inggih tijang kalih ingkang kedah ngraosaken. Mila kerep kelampahan tijang èstri sareng lan ndjagi grija toewin nggoela-wentah anak njambi ngrèntjari sémahipoen ing pandamelan ingkang salaras kalijan wewatekanipoen (karakter der vrouw). Pinten kémawon wanita Katoelik ingkang nindakaken bab poenika, lan dados rerengganing bangsa wanitan toewin totoeladaning ngakatah!

Doemoegi samanten rembag koela toemoedjoe dateng tijang èstri ingkang émah-émah. Déné kanggéni-poen ingkang boten émah-émah, ingkang lamban saking kadjengipoen (pamilihipoen) pijambak, oetawi saking sebab sanès poenika ladjeng kados poendi?

Poenapa ladjeng kedah kadjiat dipoenkèn émah-émah? Poenika boten kénging.

Minggoe ngadjeng dipoenroesakan.

A. SWASTI ASTOETILAH.

R. A. KARTINI.

Njoemerepi watak saha kawontenanipoen tijang sanès poenika boten saged manawi boten tetepangan roemijin. Menawi tetepangan, saged njoemerepi ginem sarta tindakipoen. Ing ngrikoe gampil saged njoemerepi watak saha kawontenanipoen. Koela sampoen kerep mireng asma R. A. Kartini, inggih wonten ing pawitjantani, inggih wonten

ing pakempalan sarta ing serat-serat kabar. Wonten ing djagad pakempalanipoen para moeda Djawi, asma poenika boten kesoepe. Amargi saking poenapa? Boten margi pandjenenganipoen poenika éndah ing warni, teksih darah Boepati sarta saged tjara Landi. Sabab saking kemadjenenganipoen anggèng ngangkah kemadjenengan wanita Djawi. Ngantos dangoe pangertos poenika kénging dipoenwastani tiroe-tiroe, tegesipoen dèrèng terang, dèrèng medal saking tetimbangan sarta wawasan koela pijambak. Pangertos poenika koela ladjengaken, badé njoemerepi, penggalihipoen sarta penggajohipoen R. A. Kartini kados poendi. Sareng koela maos serat-serat karanganipoen, ing ngrikoe kénging kawastanan terang, dados boten nama kinten-kinten, saged soemerep penggajoh, lan penggalihipoen R. A. Kartini penggajohipoen inggil, kagoengan pambeg oetami, kedadaran loehoer ing boedi, kentjeng kersanipoen. Koela klilan ngrontjé damel wawasan sakedik. Radi katah tijang sepoeh ngadjengaken anakipoen èstri poenika, rak djaman samangké kémanon. Toemrapipoen kantja alit, dèrèng padja-padja. Kala djamanipoen R. A. Kartini saja langka. Ingkang dipoesekolahaken, namoeng para poetraniipoen Boepati lan poetraning prijantoen sanèsipoen. Kedjawi poenika inggih wonten, nanging tjatjahipoen sekedik sanget. Langkoeng-langkoeng toemrapipoen laré-laré èstri. R. A. Kartini dèrèng doemoegi anggènipoen sinaoe wonten ing p. andap Walandi, kapeksa dipoenwedalaken. Padatan Djawi para maos boten kakilapan. Mangka kagoengan pandjanga ngladjengaken sinaoe dateng negari Walandi. R. A. Kartini seneng sanget dados goeroe èstri, preloe saged moelang, nenoentoen dateng laré-laré èstri Djawi. Penggajohipoen boten saged kadoemoe-

### VAN-LITH-STICHTING

I A W A S I

Tanggal enèm  
sampoèn dateng

Adrèsipoen

Peningmeester V. L. S.

2e. Convict

Moentilan N. I. S.

gèn djalaran ingkang rama mabèngi. Ing serat-serat, mahjakaken gengé tjowaning penggalihipoen, toemoedjoe dateng mitranipoen ing negari Welandi. Senadjan wonten alangan warni-warni, penggajoh meksa kaladjengaken, djalaran preloe sanget ngadjengaken para wanita Djawi, sageda angsala pengadjaran ingkang njekapi, sageda dados iboe oetawi bijoeng ingkang kénging tinanggenah anggoela wentah laré. Andjoendjoeng wewenangipoen para wanita ingkang asor dradjadipoen, déning kendih kekadjengan lan prenatalipoen para tijang djaler.

Kados poendi sagedipoen tetijang Djawi madjeng, manawi ingkang angsal pengadjaran namoeng tijang djaler kémawon? Kados poendi laré-laré Djawi ing bédjeng saged dados tijang ingkang njekapi, ingkang ngertos dateng pradijanipoen pijambak, manawi para iboe boten angsal pengadjaran? Angsal pengadjaran boten ateges namoeng saged njerat, étang-étang lan maos, ingkang preloe saged ngertos koewadjiwanipoen iboe. Awrat sesanggènipoen. Saé awoning toeroen toemrap panggoela wentah poenika goemantoen dateng tijang sepoeh, inggih goemantoen dateng iboe. Sanadjan ingkang djaler (bapa) ngertos dateng panggoela wentah ingkang saé, manawi iboe boten ngertos, inggih baming, ngreksa toemindakipoen. Ingkang djaler ngatos-ngatos, gemi, manah ing tembé wingking, manawi ingkang èstri remen amboetjali, inggih tanpa damel. Bab poenika R. A. Kartini ngertos kanti terang.

Sanès ingkang koela atoeraken. R. A. Kartini boten ngadjèni dateng loehoering aslinipoen. Katanda saben-saben tampi serat saking mitranipoen Welandi, mawi temboeng „freule,” R. Adjeng boten karsa, prajogi njeboet asmanipoen kémawon. Sampoen naté kawedal ngendikanipoen: „Loehoering asal ikeo toemraping akoe tanpa gawé, sing preloe nganggo loehoering boedi lan loehoering ati.” (tindak)

## BOEMBON TJRAKÈN.

Haloo...! Sinten nikoe? Lo, lo, déné sadoeloerkoe si Bambang Hercules, sing tak tresnani. Slamet dimas, lan apa wis rampoeng olèhmoepoer-drah? Jèn wis genti akoe ja; ning rhèné akoe ki neng tengah alas, ndoewoer goenoeng, ja moeng arep tjrita sing neng kono koewi.

Wis, wiiw ja, één... twee... drie!

1. Bandjarnegara.  
Nalika tanggal 10-9-'29 ngadjeng poenika, koela tampi serat saking rama pastoor Jos. M. Schenkels ing Poerwokerto, katitèn ping 4-9-'29, wosipoen, pandjenenganipoen badé njaosaken Mis Soetji wonten ing grijané familie-nipoen njah Bloemen. Waanders ing Bandjarnegara. Déné toemindaking pakarjan adi loehoeng waoe kadawahaken wonten ing dinten Minggoe 8-9-'29 djam 7 éndjing.

Gegajoean kalijan poenika, oegi ngabari, (paring pawartos) menawi badé rawoeh ing padoenoengan koela, i.p. doesoer Pandanaroem; nanging boten ketjekap wekdalipoen, djalaran.....

2. Bandjarnegara — Pandanaroem.

Pandanaroem poenika doesoer ingkang kinoebeng redi, kaleres salèripoen kita Bandjarnegara, kirang langkoeng 20 pal tebihipoen. Marginipoen sampoen saé, namoeng awonipoen, déné margi Bandjarnegara — Wonodadi katah selanipoen lintjip-lintjip, netjogi seekoe. Saking Wonodadi — Pandanaroem, nglangkoengi malih, djalaran marginipoen tjijoe, toer minggah neder, ndjalari tijang-tijang ingkang langkoeng dados kijat lan ngretos dateng tata-krama, katanda anggènipoen tansah toemoengkoel mbekoe geger, sarta boten kèndel-kèndel anggènipoen linggih ndèprok ing sapinggiring margi. Pramila sampoen dados pantesipoen, jèn ta tijang-tijang waoe tampia gandjaran ageng, kalilan mlebet ing kraton, kedatoning para loetoeng, ketèk, andapan saha segawon adjag toewin sima (kadang-kala), alias anelasak wana-wasa toemoeroen ing djoerak tjeroeng. Adoeh senèngé.....!

Sakedap sampoen doemoegi ing Pandanaroem.

Sasampoenipoen doemoegi ing doesoer ingkang sinedya, tijang-tijang waoe sami pating deleleg atenger-tenger semoe goemoen.

Tenger-tenger, margi mentas lelampah tebih, toer nganggé toemoengkoel mèh kondjem ing siti, lan ndengagak ngantos mèh kloemah, kanti djindjit adjedjogèdan ngèbah-aken badan sekodjoer. Dados anggènipoen tenger-tenger waoe,..... djawinipoen ngaso.

Goemoen, déné samoekawis ingkang wonten ingrikoe sarwa anèh, njebal saking sanès panggènan.

Dospoendi ta? Wangsoelanipoen: „Déné kosok wangsoel kalijan namanipoen.” Nitik namanipoen: „Pandanaroem” lo, kados-kados asri, soemrebak gandaniipoen, djeboel... sadaja batjin, toer roepinipoen tjemeng. Grija-grija tjemeng, margi sadaja apajon doek. Semanten oegi sitinipoen, djalaran woedjoed lem-poen, toer kebak sèla sagrija-grija, (é, sasatipoen), makaten oegi redinipoen. Awit ketoekeolan wit-witan ageng alit pinten ingkang moedjoedaken gegroemboelan lan wana-wana. Tijangipoen sangsaja malih, sampoen dasaring koelit tjemeng, katik penganggé (tjawedipoen) inggih tjemeng, wah..... sampoen pleg..... kalijan loe..... toeng!

Sanadjan tjemeng, jèn aloes, loemajan; poenika mbesisik, djalaran toja ingkang kanggé adoos lan oembah-oembah toewin ngombé, toja lèpèn ingkang ketjampoeran waled lan sesoeke warni-warni.

Éwadéné..... 3 ingrikoe dados

R. A. Kartini oegi katingal seneng mangem barès. Katitik nalika wonten Walandi mertamoe dateng kaboepatèn Djapara, tamoe waoe goemoen, déné poetri-poetrinipoen ingkang Boepati sami mangem sarwa pesadja, bènhèh kalijan poetri-poetrinipoen bangsa loehoer sanèsipoen. 1)

Para mitranipoen sarta sawènèhing Welandi ingkang sampoen naté tepangan, sami ngalembana, manawi R. A. Kartini poenika soemèh, ngresepaken ingkang kaadjak ngendikan.

Wonten malih ingkang koela atoeraken. Menawi mastani, oetawi ngendikakaken pemanggih katingal loeog. Ageng, alit, oetawi golongan poenapa, ingkang leres lan saé dipoenalembana, ingkang klintoe lan awon, inggih dipontjajad.

Tjandoe poenika ratjoen oepaminipoen toemraping bangsa. Tijang manawi sampoen njakot dateng

1) lan tijang limrah sapoenika.

Centreming kéblat 4 i.p. 1e. Poerbolinggo — Pandanaroem. Pandanaroem poenika awon-awon wonten pekenipoen apajon doek, kedadusan saking grija alit-alit (bango) 16 idji; pekenanipoen saben Legi (Manis). Saben legi waoe, katah para among dagang saking Poerbolinggo ingkang sami mrelokaken dateng ingrikoe, perloe ngèbèraken daganganipoen. Marginipoen rekaos sanget, djalaran kedjawi nasak wana, tansah minggah medak, nginggahi redi ingkang inggil-inggih, ladjeng toemoeroen ndrong-djong. Wonten ing watesan Poerbolinggo kalijan Pandanaroem (Bandjarnegara), nradjang redi Damar (redi waoe sampoen toemoet Bandjarnegara); ing rikoe katingal sanget sangsajanipoen (koela pijambak sampoen ngambah Dj. g.) djer margi waoe namoeng 2 1/2 d.m. wijariipoen, nggligir ing lambangoeng redi.— Wasana, sareng doemoegi ing soekoening redi kepeksa nradjang lèpèn ageng (Gintoeng). Kanggé ndjagi, moerih sepi ing sambé kala, ingrikoe badé dipoensoekani kreteg; ing sapoenika saweg dipoen-garap.—

3. Pekalongan — Pandanaroem.

Tijang-tijang ing Pekalongan oegi sami dateng, ngangsali-angsali gerih. Makaten oegi tijang Tjirebon, Tasikmalaja, Batang, Brebes, Madjenang inggih boten kantoen.

Dados:

4. Pandanaroem, (sanadjan redi), dados tempoekaning tijang pinten<sup>2</sup> peresidènan. Pramila ingrikoe, saged redja, margi ebahipoen para among dagang. (Nanging sedaja boten wonten ingkang migoenakaken kawroeh pitedahipoen dimas Bambang Woekir-Sari, oetawi sadèrèk Djamboe Mèrah. Mangga dimas, kateroesaken!). Émanipoen déné Ass. Wedana ingkang mbawahaken ngrikoe kirang nggatosen dateng djadjahanipoen, toer kok katingal kèndel, amem boten poeroen bergerak, (van de osviah hoor!).

Rèhné tijang-tijang waoe basanipoen béda-béda pramila:

5. Pandanaroem oegi dados: „tempoekaning basa.” Braling, Pekalongan, Soenda kasar. Namoeng basa Fransch lan Duitsch ingkang boten wonten. Lo.....! Koela kèngetan dateng karsanipoen kamas Klenteng P. M. ingkang nembé kémawon nje-nindjong godog, kala roemijin i.p. noel-laraken basa Fransch..... déné kok ndjoer stil maar.....! Mangga mas kaladjengaken! geef uw toestemming!

Koela (Djanoer goenoeng) senadjan redi, ing batos kok kènging sanget, mangretos basa Fransch kalijan Duitsch toewin Engelsch, ngantos takèn<sup>2</sup> koela lampahi. Pramila koela boten isin moengel: „Soemangga kamas Klenteng, koela atoeri njebar kawroeh pandjenengan sadaja ing Sw. Tm. ngriki, djer sanjatanipoen taksih katah sadèrèk pandjenengan ingkang kapentjil, boten saged ngoedi kawroeh.” Have You time, to write in our Sw. Tm.?\*

Sokoer bagé jèn makaten.

Sapoenika mangga sami minggah dateng doesoer Karangondang oegi bawah Kalibening (Bandjarnegara).

6. Koela mireng pawartos, nalika Kemis 12-9-'29 wantji sonten ing doesoer kaseboet wonten laré alit saweg dolanan ing lataring grijanipoen pijambak, ladjeng kagloendoeng doemoegi ing pedjahipoen. Dinten Djoemoewah 13-9-'29 Ass. Wedana Kalibening mrikoe, preloe koemisi, sareng lan Inlichter Pandanaroem ingkang njoentik laré waoe. Memelas inggih.....?!

Samanten roemijin.

DJANOER GOENOENG.

\* Poenapa kober njerat ing serat kabar kita Swara Tama? Red.

pekreman poenika, gentos ladjeng dipontjakot ing apjoen, lan dados gedibalipoen. Kénging poenapa Parèntah boten njoeda, seekoe bagé ngitjali? R. A. Kartini mantjahi dateng tindakipoen sawènèhing Walandi (para amtenar) ingkang kagenan pados pakoermatan, boten noentoen dateng tetijang Djawi ingkang betah sanget toentoenan (Kala samanten B.) Oegi ngalembana dateng tijang Walandi ingkang saroe-djoek kalijan djanganipoen R. Adjeng, menggalih adjengipoen tijang Djawi, srana ngedegaken pamoelangan-pamoelangan.

R. Adjeng K. boten roedjoek, tijang èstri dipoenwajoeh. Katitik saking kawontenan, ngasoraken dradjadipoen wanita, boten mantoe kalijan toedjoening sesémahan, lan toemindakipoen rekaos manahipoen tijang èstri. Pandjenenganipoen roedjoek, manawi tetijang ingkang ngasos, samia ngertos soeraosipoen. Kados poendi sagedipoen nimbang



saé oetawi awon menawi boten ngertos wredinipoen?

Semanten kémawon ontjèn koela menggahing R. A. Kartini. Samangké sampoen katah pamoeangan-pamoeangan èstri. Pamoeangan-pamoeangan èstri partikelir ingkang nama „Kartinischool” oegi kalebet katah. Oepami R. A. Kartini tekisih soeogeng, temtoe rena penggalihipoen, déné sampoen kalebet katah laré-laré èstri ingkang angsal pengadjaran, sanadjan ingkang katah-katah dèrèng njekapi. Eman sanget déné oegi boten sekekik pamoeangan-pamoeangan èstri ingkang namoeng nengenaken piwoelang étang-étang, maos, verstandelijke opvoed lan dedamelan tangan tok, radi kesoepon dateng zedelijke opvoeding. Mila kadang koela wanita wedalan Mendoet kalijan Ambarawa, djengandika sedaja kalebet begdja ngantos toentoenan para pandjenganipoen Zusters ingkang saestoe nengenaken zedelijke opvoeding. Oepami R. A. Kartini meningi para Zusters, koela wani mestèkaken temtoe ngalembana lan ambombong dateng tindak ingkang boten sekekik pigoenanipoen dateng para iboe, ingkang badé moerakabi dateng poetra. Djalaran saged andeder wonten ing manahipoen laré-laré, dados pandemèn santosa kanggé nglawan zedenbederf.

Baratha.

## KOEROE SÈTRA. SANGET NOEWON!

A. Sanget anggèn koela matoer noewon doemateng pandjenganan Mevr. C. Soetjilah Atmosoedarmo, déné pandjenganan sampoen kersa paring wangsoelan dateng pitakèn koela: „Kénging poenapa, jèn tijang saweg wawrat, paugad-jeng-adjengipoen bok inggih djalaran anakipoen ing bédjeng, boten kok èstrija?” Déné wangsoelan pandjenganan: „Awit inggih poenika waoe taksih ngèmoeti kawontenan kina-makina lan sampoen netjep inloedipoen kados ingkang sampoen koela andaraken nginggil; ingkang ing djaman samangké boten dipoenadjengi déning tijang èstri modern.”

„Mevrouw, poenapa pandjenganan sampoen boten gadah pangadjeng-adjeng kados ingkang sampoen koela soewoenaken priksa dateng para wanita waoe? Mevrouw, poenapa pangadjeng-adjeng kados makaten poenika inggih sampoen boten dipoenadjengi déning tijang èstri modern? Poenapa pangadjeng-adjeng kados makaten poenika lepat?”

Ing karangan pandjenganan, pandjenganan ngendika: „Dados sad. T. R. inggih dèrèng djembar kawroehipoen” O, sanget kasinggihan Mevrouw, jèn pandjenganan ngendika makaten, lakar inggih dèrèng djembar kawroeh koela. Ananging . . . koela gadah pitakèn sakedik: „Poenapa karangan ingkang toemoedjoe dateng sad. C. Wastitilah toewin koela (T. R.) poenika karangan pandjenganan pijambak? \*) Soekoer jèn makaten. Menawi pantjèn saestoe makaten, dados koela malah ladjeng saja kedah anggèn koela mestani, menawi sad. wanita poenika bènnten sanget kalijan prija. Tandaniipoen, déné pandjenganan ngolot-olotaken tijang, ngoelgelaken tijang kirang djembar kawroehipoen, koemoengkoeng l. s.; poenika menawi sadèrèk prija kados boten badé kelampah.

Sarèhné amboedjeng tjekap, kaparenga koela ngalahiraken wawasan koela bab pangadjeng-adjengipoen tijang wawrat; déné karangan pandjenganan mangké koela pendeti sapreloenipoen. Menawi koela, inggih Mevrouw, ngadjeng-adjeng dateng anak djaler, poenika maton (redeljik) boten ngèmoeti djaman kina-makina, kados pangandika pandjenganan, ananging malah margi ngèmoeti djaman ingkang dèrèng kalampah, djaman bédjeng menawi laré waoe dadosipoen ageng. Prauwila tijang wawrat poenika pangadjeng-adjengipoen bok ing bédjeng anakipoen djalarana, sebab.

1. kanggénipoen tijang sepoeh, laré djaler poenika pandjaniipoen boten patos premati kados laré èstri. Prakawis kalih ingkang awon oetawi angèl, poenika rak kedah kapilih ingkang sakedik awonipoen oetawi kanglanipoen (Van twee kwaden of moelikhheden moet men toch het minste kiezen, is het niet zoo Mevrouw?).

2. kanggénipoen tijang sepoeh oetawi laréipoen pijambak, menawi laré waoe sampoen badé émah-émah, anggènipoen ngoepados djatoening akrama, gampil, boten mawi pakèwéd poenapa-poenapa, awit laré djaler wenang milih. „Ijah, wanita inggih wenang milih”, bok menawi pandjenganan ngendika makaten, mevrouw. Jèn koela temboeng „wenang milih” ing ngrikoe radi kirang . . . Ènget, kedah kawawas wontenipoen ngrikoe; panggalihan sampoen mrikamrika. Red.

trep, déné treping temboeng „wenang nampik.”

3. laré djaler ing bédjeng gesangipoen badé ngajomi, boten ngajomi; toemrap tijang sepoeh prakawis poenika boten dados manahan (pikiran); bènnten kalijan laré èstri. Kedjawi poenika laré djaler poenika menawi sampoen wantji diwasa, langkoeng-langkoeng ingkang sampoen tamat pasinaonipoen poenapa malih sampoen saged tjepeng damel, saged moengel: „Bésoek akoe arep . . . omah-omah” (rabi), oetawi: „Bésoek akoe ora arep rabi.” Sa-poenika poenapa laré èstri saged moengel kados makaten poenika? Poenapa saged laré èstri namtokaken, jèn ing bédjeng gesangipoen badé émah-émah? Terang jèn boten saged. Malah sad. wanita Djerman asma Laura Marholm kawedal pamanggihipoen mekaten: „Geen vrouw kan met juistheid beslissen, of zij echtgenoot zal worden of ongetuwd zal blijven, als niet eenige uiterlijke hindernis aanwezig is, die zoo'n besluit verstandig maakt.” (Djawanipoen: „Boten wonten tijang èstri ingkang saged namtokaken, poenapa pijambakipoen badé émah-émah poenapa boten, menawi boten wonten tjatjadipoen ing djawi, ingkang andjalari gesangipoen makaten waoe.)

Inggih tjangkriman ingkang kados makaten poenika ingkang dados reribeding tijang sepoeh pijambak, boten saged ambatang kados-poendi badé kadadosanipoen.

4. Kadjawi tigang prakawis ingkang koela atoeraken, taksih sak bab ingkang badé koela djèrèng. Inggih poenika toekomst-ipoen laré djaler.

Laré djaler poenika, langkoeng-langkoeng ingkang dipoenpredi èstoe, menawi sampoen katingal kasagedanipoen, kénging dipoenadjeng-adjeng soepados gesangipoen waoe moerakabana déning tijang sepoeh, sinaosa boten bandanipoen, inggih namanipoen, sokoer menawi saged moerakabi maatschappij. Manga, Mevrouw Atmo, koela atoeri minta sraja dateng para prijantoen ingkang kagoengan poetra dados dokter, advocaat, insigneur, meester, kados poendi penggalihipoen, sisah poenapa seneng (ajem)?

Ngèneti kawan prakawis ing nginggil poenika, pangadjeng-adjeng dateng anak djaler . . . . . maton (redeljik) boten kolot, . . . . . malah roentoet sanget kalijan djamanipoen.

Ing karangan pandjenganan wonten oengel-oengelan makaten: „Sarèh ta sarèh Mevr. Wastitilah, sad. T. R. l. s. s. sampoen ladjeng kasesa-sesa anggèn pandjenganan ngina bangsa wanita! Sarèh ta sarèh Mevr. Atma, (T. R.) ngina bangsa wanita?”

Pandjenganan ngandika: „Awit wataking manoesa poenika djalarana èstria sami kémawon. enz. enz.”

Poenapa inggih? Poenika genah palsoe, toer kanti sanget. O, O, para zielkundige ing Europa sami mastani, jèn wataking wanita poenika bènnten lan prija, djeboel Mevr. Atma. . . . . bedoengoes moengel „sami kémawon.” Poenika poenapa djas bikak oedeng blangkon poenapa setali . . . . . É é é é, poenika lo wonten zielkundige van de twintigste eeuw!!!

Bab tjatjad, prija lan wanita sami anggadhahi, poenika sampoen genah, terang, sinten ingkang badé ngoengkiri? Ananging wanita poenika mitoeroet, kodratipoen pantjèn langkoeng a). „kirang tetapan manah” timbang prija; langkoeng b). „tjetèk gagasanipoen” timbang prija; c). satandang-tandoekipoen sanget anggènipoen „manoet gambaring pangen-angen toewin raos.” nglangkoengi prija; d). wanita poenika anggènipoen „remen adol ati” toewin watekipoen” pènginan oet. kepéngin soemerep dateng prakawis ingkang boten (patos) preloe, ngoengkoeli prija. (Meisjes zijn van nature wispelturig, meer oppervlakkig in haar denken, zij laten zich meer leiden door het gevoel; zij zijn er meer op uit om te behagen en nieuwsgieriger dan jongens.” zie: Ouderplicht).

Badé kasambet.

## OERAP-SARI.

### KABAR KATOLIK.

Swara-Tama kalijan Pahargjan sèket taoenan dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng S. Bapa.

Redactie soewaoe anggadhahi sedy badé ngedalaken „Paus-nummer.” Nanging sedy poenika samangké kawoeroengaken. Margi Paus-nummer basa Djawi sampoen wonten ingkang nandang, isinipoen katah, mawi gambar-gambar pepak sanget. Semangké Paus-nummer waoe sampoen kaetjap katahipoen 6000 lembar. Sadaja Pastroer-Djawi badé moendoet, kaparingaken para Katolik Djawi ing laladan ngrikoe. Déné para lengganan Swara Tama inggih badé pikantok. Minangka lilitoening Pausnummer, redactie badé

mligèkaken Swara Tama ingkang medal tanggal 11 October namoeng kanggé ngadani verslag pahargjan saking poendi-poendi.

Wasana moegi andadosaken kawoengan.

Sad. Fr. saking Magelang martosaken:

Padoeka Pastroer W. Hellings.

Bédjeng tanggal nem October, ing Magelang kadjawi wonten pahargjan 50 taenan dalem K. S. Bapa, wonten pahargjan sèket taenanipoen padoeka Pastroer W. Hellings.

Katjarijos, Pastroer W. Hellings ing sapoenika mijosipoen wonten Schijndel kala 2-5-1854. Taoen 1879 tanggal 26 September mlebet warga Sarekat Jésoes, wonten Mariëndal tjaket Grave. ladjeng djinebadan dados Imam wonten Maastricht kala 9 September 1893. Baten let dangoe dateng Indija, doemoegi Betawi tanggal 9-11-'29. P. Hellings kabijantokaken dateng Missie jasanipoen P. Le Cocq d' Armandville ing Watoe-Bella kalijan poelo-poelo Goram satjaketipoen Nieuw Guinea. Saking Betawi dateng Watoe-Bella kala samanten lampahan 28 dinten. Anggènipoen makarja wonten ngrikoe sanget ngrekaos. Sadèngipoen sèda kalelep kala taoen 1896, pandjenganipoen pastroer Le Cocq d' Armandville anilar missie Watoe-Bella tindak dateng Nw. Guinea (Papoea) P. Hellings anggènipoen wonten Missie Watoe-Bella waoe wiwit woelan Maart doemoegi October 1894. Bakda poenika tinimbangan wangsoel dateng tanah Djawi malih. Kala samanten Kangdjeng Biskop Mgr. Staal sampoen kondoer saking Nederland, déné ingkang doemeneng Superior pandjenganipoen P. J. Keyzer. Inggih kala samanten poenika lahiripoen Missie Djawi.

P. Hellings rawoeh wonten Semarang woelan Djanoewari 1895. Anggènipoen lenggah wonten ngrikoe doemoegi Djoeni 1901, (-Taoen 1896 P. Keyzer sèda wonten Amsterdam).

Kala pandjenganipoen P. Hellings waoe wonten Semarang, wonten lalampahan ingkang saestoe damel renaning panggalihipoen. Kala samanten poetraniipoen Résidèn Semarang Henricus van Driessche manggih pandjenganipoen mraté-lakaken badé loemebet warganing Sarekat Jésoes. Prijantoen poenika waoe sapoenika sampoen doemeneng Pastroer misoewoer inggih poenika pandjenganipoen P. van Driessche ing Ngajogjakarta.

P. Hellings anggènipoen manggalih adjenging Missie Djawi kala samanten kalijan swargi pandjenganipoen P. van Lith, P. Hoevenaars lss.

Taoen 1901 — '3, pandjenganipoen wonten Soerabaja. 1903 — 1904, wonten Ngajogjakarta; tn. 1904 — 1911 doemeneng hoofdpastoor wonten Weltevreden. Wekdal samanten pandjenganipoen pikantok bintang „Officier in de Orde van Oranje Nassau” (kala taoen 1907).

Kala wonten Betawi pandjenganipoen amimitran kalijan swargi dr. J. de Groot prijantoen ingkang misoewoer wonten kalangan radio . . . Nanging P. Hellings ladjeng kapindah dateng Soerabaja malih (1911). Ing taoen 1912 pandjenganipoen roemaos begdja saged nampèkaken Panoenggal Soetji ingkang sapisanan dateng moeridipoen ingkang toemen waoe: i. p. pandjenganipoen dr. J. C. de Groot. Anggènipoen nampèkaken Panoenggal Soetji wonten grija sakolahan ing Sitoebanda. 1913 — 1918, P. Hellings dedalem wonten Bandoeng. Wonten ngrikoe katawis sanget ambijantoe serat-kabar Java Post. Malah ing taoen 1920 — '21 ngasta redacteur.

Tanggal 9-11-'21, pandjenganipoen kondoer dateng Nederland doemoegi 25 October 1922. Kondoer saking perlop, pandjenganipoen wonten Mr. Cornelis ngantos kalih taoen, wasana kala woelan September 1925 katingal wonten Magelang ngantos doemoegi sapriki. Sadèngipoen wonten Magelang, pandjenganipoen dedalem wonten Moentilan ngantos sawatawis woelan. Sanadyan kala wonten Moentilan sampoen katingal djempo, pandjenganipoen boten karsa kèndel. Kala samanten pandjenganipoen maringi privateles basa Walandi dateng siswa Normalschool kakalih: A. Soetarna kalijan T. Soekardja, anedahaken wawadosipoen „Melatknoppen karanganipoen R.M. Nata-soerata” kalijan boekoe-boekoe karanganipoen Multatuli sawatawis.

Kita redactie Sw. T. ingkang sampoen dangoe binjantoe salah satoeng-giling tilas siswanipoen P. Hellings kekalih kaseboet nginggil, kita ngatoeraken soeogeng sèket taenan!

Moegi-moegi pandjenganipoen tansah binnerkahan ing Pangéran!

Retraite ing Moentilan.

Sadèrèk Soerjagatie martosaken nalika tanggal 23 doemoegi 26 September 1929 ing Moentilan saestoe wonten retraite kanggé sadèrèk ingkang mangertos basa Walandi, mawi prabèja f5 minangka kanggé

## ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

### MERANGI TINDAK MOERANG SOESILA.

Para prijantoen kedah dados tjonto; sampoen ngantos dados raosan awon wonten pasrawoengan langkoeng-langkoeng wonten kalanganing kawoela alit.

(Paréntah ing Magelang toewin Moentilan ka-atoeran migatosaken).

Tanggal 6 October sampoen tjelak, prijantoen!

Ing dinten waoe, kita wandawa Katolik sami mahargya 50 taenan dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI djoemeneng Imam!

Ing dinten waoe, kita sami ngatingalaken soengkem kita!

Ing dinten waoe, kita para poetraniipoen Roem, sami ngèngèt-èngèt lalampahan poenapadéné lalabetan dalem! Kita badé ngentjengaken nijat andèrèk poenapa ingkang dados karsa dalem.

„Ora ana kasangsaran kang ngloewihi nafsoening badan (begeerlijkheid des vleesches) jaikoe kasengsem prakara sawat; djer nafsoening badan ora moeng maharani ndjeploeking brajat, oega agawé hantjoering pradjal!” — makaten pangandika dalem Sri Nata Pandita Pius XI wonten nawala „Ubi arcano Dei.”

Dados risaking kasoesian, andajani risaking bangsa dalem nagari-ipoen! Dados, merangi tindak njoenjoekeri kasoesian, pantjèn dados kawadajiban kita! Njaponi sadaja lampah toewin ichtjar ingkang andjog dateng onzedelijkheid, pantjèn dados sasanggèn kita para pradjoeriting Roem! Lan anggèn kita mangsah joeda, kedah tatag, tanggon, anderpati!

\* \* \*

Katjarijos, ing salebeting woelan September kapengker, koela pikantok serat-partikelir saking tepangan koela, manggèn wonten bawah Moentilan. Saking roemaos koela, serat waoe perloe koela oemoeraken, soepados dados penggalihipoen ingkang wadjab.

Prakawis parama sastra poenapadéné rarakitaning oekaraniipoen sampoen kapenggalih, awit tepangan koela waoe pantjèn boten wedalan sakolahan inggil.

„ . . . ( . . . . . ) . . . . . ” Tijang nami Mangoenpawira ing doesoan Sorogèn onderdistrict Mendoet (Moentilan) tjarijos ingkang soeraosipoen kirang langkoeng kados ing ngandap poenika, dateng koela:

Kinten-kinten salebetipoen woelan Mei ingkang kapengker, pijambakipoen lan simahipoen katimbalan ing Kawedanan Moentilan. Perloe kapriksa déning Pamaréntah prakawis simahipoen Pak Mangoen waoe kakabaraken asring dipoenroesoehi déning bangsa landbouw. Wonten ing papriksan ngrikoe pak Mangoen inggih matoer poenapa saleresipoen, sarta anjaosaken boekti awoedjoe serat-serat saking landbouw, ingkang soeraosing serat-serat waoe, andjawab mbok Mangoen waoe. Kadjawi poenika pak Mangoen waoe wonten ing ngarsaning Pamaréntah jèn ing lair batosipoen boten narimahaken sanget jèn simahipoen dipoenroesoehi. Ananging pak Mangoen trimah sanget jèn simahipoen kapatrapan paekoeman margi poeroen dipoenadjak nglampahi lampah roesoehi déning si landbouw. Dinten waoe prakawis dèrèng saged poetes pramila pak Mangoen lan tijang sanès-sanèsipoen sami kadawoehan mantok roemijin. Sebab wekdal poenika tijang ingkang kapriksa boten namoeng pak Mangoen lan bok Mangoen oegi wonten tijang èstri lan tijang djaler malih. Déné prakawisipoen oegi noenggil pak Mangoen lan oegi djalaran saking pokal damelipoen si landbouw. Sawangsoelipoen saking Kawedanan saéngga sapriki pak Mangoen saja ageng kasoehanipoen. Djalaran ngentosipatoeraning prakawis, saéngga sapriki dèrèng wonten poatoesan. Ing mangka saéngga sapriki si landbouw waoe malah saja sanget anggènipoen ngroesoehi mbok Mangoen. mBok Mangonn kerep sanget itjal 3 oetawi ngantos 7 dinten, sabèn-sabèn pak Mangoen madosi kepanggih wonten ing papan sanès doesoan, tjok asring kepanggih wonten ing papan palanjahan,

Anggèn koela ngemoemaken serat ing nginggil poenika, babar pisan boten gadah kandoetan nedy a m e m b o e s o e k e n n a m a ! Awit koela mangertos tindak makaten pantjèn kapatrapan paekoeman déning nagari. Apes kados ingkang kaseboet wonten artikel 284: 1): 1 a, lan b, ing Wetboek van Strafrecht. Lan saged oegi malah kados ingkang kaseboet ing art. 332: 1): 2.

Para sadèrèk! ing poendi-poendi pantjèn katah prijantoen moersal, rojal èstri! Dalasan ingkang prijantoen „Letter W. met de Kroon” inggih boten kirang-kirang!

Ngèneti ingkang makaten poenika déné ichtjar ambesmi onzedelijkheid katah ingkang tjabar! Djer dalasan para prijantoen B. B. katah ingkang pantjèn . . . . . Dados kénging dipoenwastani malah ngadjengaken! Ingkang makaten poenika dados paksèsèn moersid bilih wètting Nagari toemrap kasoesian, tetep namoeng tertoeles didalam boekoe!

Tjekak, manawi badé ngangkah ajoening djagad, para ingkang kawogon kedah tansah paring tjonto saé! Langkoeng-lankoeng para prijantoen B.B. toewin goeroe!

Kumunings-saselé: 1 Oct. 1929. PATJAR MERAH.

anjekapi kabetahaning ngrikoe. Ingkang ngersakaken ndèrèk retraite wonten prijantoen 48, semanten poenika ingkang ± 11 gratis amargi sadaja taksih moerid. Dados ingkang njaoisi pisoembang namoeng sadèrèk 37.

Mitoeroet verslag ingkang kadawoehaken pad. Rama Rector, retraite ing sapoenika kalebet boten ngoetjiwani, para retraitanten sami amesoe jektos ing sasaged-sagedipoen, anoehoni sadaja pranatan ingkang

manawi kaeroes djeboel ingkang dèkèk wonten ing papan waoe inggih . . . . . Saking kaderenging manah soesah salebeting woelan Augustus poenika pak Mangoen ngadep dateng ing Pangoewas Magelang perloe miterang kados poendi poatoesaning prakawis poenika?

Ananging saendoering saking ngarsaning Pangoewas pak Mangoen malah saja soesah sanget. Saking tjoriosipoen, wonten ing ngarsaning Pangoewas pak Mangoen tampi pangandika ingkang soeraosipoen boten gatoek kalijan nalika pak Mangoen matoer wonten ing Kawedanan roemijin. Saking bingoeing manah pak Mangoen ladjeng teroes dateng ing dalemipoen salah satoenggiling bangsa Kijai ing Pajaman, perloe inggih badé pados bijantoe rembag bab prakawis waoe. Loo. kok anèh ing atasing prakawis bebahaning poelitie kok djeboel neda bijantoe Kijai. Nanging inggih mèmper, namanipoen tijang saweg bingoeing manahipoen.

Mitoeroet pakabaranipoen para tijang ingkang mangertos nalika pak Mangoen, mbok Mangoen landbouw lan tijang-tijang sanès kapriksa wonten ing Kawedanan, sadaja katrangan lan boekti? sampoen terang lan njekapi. La, jèn makaten bédjeng kados poendi inggih ingkang dados poatoesaning si landbouw? Ing atasipoen kalepatan ingkang kados makaten poenika jèn njata sampoen tamtoe nradjang artikeling nagari? Poenapa inggih namoeng kapindah? Déné jèn namoeng kapindah inggih sokoer, sabab tambah seneng, sampoen angsal bekta simahing tijang, mangka ladjeng saged andjadjah papan sanès. Lan malih bangsa ambtenaar poenika jèn pindah papan sok tampi arta voorscht, Wadoeoeoeoeh lik njamleng, dadija wong doewé pangkat. ( . . . . . ) Ah, hem, mas bok inggih pamaréntah poenika sageda paring pangadjaran ingkang sakinten dipoen adrihi déning bangsa pangkat ingkang sami remen watak ngéwan kados makaten poenika, ing mangka katah kémawon para pangkat ingkang watak roesoeh makaten poenika. Langkoeng-langkoeng menggah si pangriksa djaman ingkang kasebat nginggil, pijambakipoen pantjèn sampoen misoewoer jèn wonten ing poendi-poendi panggènan patjèn karem lampah roesoeh. Kirang pitados tjobi mas dipoen sepon! ing poendi-poendi papan ingkang kaambah tamtoe wonten wartos jèn asring wonten fietsmotor ingkang kanggé ambontjengaken tijang èstri. (enz. enz.)

Anggèn koela ngemoemaken serat ing nginggil poenika, babar pisan boten gadah kandoetan nedy a m e m b o e s o e k e n n a m a ! Awit koela mangertos tindak makaten pantjèn kapatrapan paekoeman déning nagari. Apes kados ingkang kaseboet wonten artikel 284: 1): 1 a, lan b, ing Wetboek van Strafrecht. Lan saged oegi malah kados ingkang kaseboet ing art. 332: 1): 2.

Para sadèrèk! ing poendi-poendi pantjèn katah prijantoen moersal, rojal èstri! Dalasan ingkang prijantoen „Letter W. met de Kroon” inggih boten kirang-kirang!

Ngèneti ingkang makaten poenika déné ichtjar ambesmi onzedelijkheid katah ingkang tjabar! Djer dalasan para prijantoen B. B. katah ingkang pantjèn . . . . . Dados kénging dipoenwastani malah ngadjengaken! Ingkang makaten poenika dados paksèsèn moersid bilih wètting Nagari toemrap kasoesian, tetep namoeng tertoeles didalam boekoe!

Tjekak, manawi badé ngangkah ajoening djagad, para ingkang kawogon kedah tansah paring tjonto saé! Langkoeng-lankoeng para prijantoen B.B. toewin goeroe!

Kumunings-saselé: 1 Oct. 1929. PATJAR MERAH.

anjekapi kabetahaning ngrikoe. Ingkang ngersakaken ndèrèk retraite wonten prijantoen 48, semanten poenika ingkang ± 11 gratis amargi sadaja taksih moerid. Dados ingkang njaoisi pisoembang namoeng sadèrèk 37.

Mitoeroet verslag ingkang kadawoehaken pad. Rama Rector, retraite ing sapoenika kalebet boten ngoetjiwani, para retraitanten sami amesoe jektos ing sasaged-sagedipoen, anoehoni sadaja pranatan ingkang

### CORRESPONDENTIE:

Mevr. C. S. At. sampoen katampi kalih pisan: boten saged kapatjak: bokmanawi badé damang saking wangsoelanipoen sadèrèk sanès, ingkang pnyah nggecegi kaantapan kita. Lotoeng kesaroeng, pandjenganan sinten?

Satrija Wétanan: serat dateng sanès soelaja kalijan poenika, tanda kirang maton, mila boten saged kapatjak. S. S. te Singkawang prajogi.



**MANGGA**

SAMI NGABARNA

ING

**SWARA TAMA.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAË TOEWIN AWËT  
INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W.

**Nitjil kènging! - Kentj ng soekoer!**

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA** **DJOKJA**

mémang tiada maoe pakai per-  
tjoema, melainkan boeat djaga  
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-  
rima obat jang selamanja baroe  
dan paling baik, lebih pintar  
**Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

**MALIOBORO** „RATHKAMP” **MALIOBORO**

soedah terkenal berapa banjak  
poeloehan tahoen dan bisa dapat  
beli dimana-mana tempat. Kalau  
dapat beli tjap

**DJOKJA** „RATHKAMP” **DJOKJA**

tangoeng beli jang paling baik.  
Djaga tjap „RATHKAMP”  
dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

**INGKANG NJEPENG LARÉ,  
NGRENGGANI DJAMAN  
TEMBÉ - WINGKING!**

**Prijantoen,  
JEUGDORGANISATIE**

**sampoen kasangga  
miring!!**

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji  
dan Toekang emas,  
Adres jang  
moerah

**DJOKJA** **BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat **POTONGAN.**

**GROOTE JAARLIJSCHE  
ORPUIMING**

BIJ

**WARENHUIS H. SPIEGEL**

**DJOKJA.**

**BALAI POESTAKA**

**V O L K S A L M A N A K**

**1930** **f 0.64**

**DJAWA - MELAJOE - SOENDA  
SEKARANG SOEDAH SEDIA**

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>8)</sup> 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerworedjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara - Tara 7.30.
Djember 7.30	Medari <sup>9)</sup> 7.30	Sambas 6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tereng 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30.
Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30.	Muntok 8.	Semarang:	Wates <sup>7)</sup> 7.
Fort de Kock 7.30.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemen <sup>4)</sup> 7.30.	Pajakombo 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Kediri 7.30.	Palembang 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30.	Soekaboemi 6 - 7.30.	
Koeta Radja 6.30 - 8.			

<sup>1)</sup> 1e. Achad.    <sup>3)</sup> 2e. Achad.    <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad.    <sup>7)</sup> 3e. Achad.  
<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad.    <sup>4)</sup> 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan.    <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad.    <sup>8)</sup> 4e. Achad.

sampoen kapatjak i.p. ngladjengaken panglimbang-nglimbang ing kamari-poen pijambak-pijambak katingal sami sengkoet, sanadjan ing wekdal poenika nedeng-nedengi bentèri-poen sami boten adjrih ing rekaos; malah wonten ingkang kraos gerah poejeng poenapa, nanging bab poenika boten karèwès babar pisan.

Poenapa malih prakawis ambisoe (stil zwijgen) katah para Rama ingkang amespadakaken, mila inggih jektos dipoentindakaken kanti toememen.

Wonten ing Hotconferentie, malah oegi wonten ing laatste avondmaal dipoenpingkalih déning padoeoka Rama Rector, soepados para retraitanten sapoenika sami poeroena andanakaken saliranipoen pijambak-pijambak apropaganda prakawis retrait, soepados ing taoen ngadjeng oegi ing woelan September tjatjahing retraitanten saged tikel ping kalih oeta-wi ping tiganipoen sapoenika, sokoer saged langkoeng.

Dipoendawoehaken oegi, bilih ing tanah Walandi wonten grija ingkang mligi namoeng kanggé retrait tjatjahipoen woloeng idji, semanten poenika ingkang tiang idji ingkang jasa para Rama S. J.; déné sanèsipoen ingkang anggadhahi pakempalan warni-warni.

Menggahing tjara tanah Walandi, grija retrait woloeng idji waoe ing sawoelan woelanipoen boten naté lowong kanggé ngladosi retraitipoen tetjjang golongan warni-warni, awit sadaja noenggil ing golonganipoen pijambak - pijambak.

Ing sakeplasan koela pijambak oegi ngadjeng-adjeng wontenipoen retraitehuis ing tanah Djawi ngriki, nanging inggih kados-poendi sadèrèk, sagedipoen kaleksanan manawi toemindakipoen namoeng kados makaten kémawon.

Koela pijambak inggih boten ma-

iben, bilih koela sadaja gampil kènging reribed warni-warni ingkang datengipoen boten kènging kinintenkinten. Ingkang koela atoeraken poenika reribed ingkang anjekapi kanggé ambadaraken nijat retrait, lol Dédé saribed-ribedipoen. Awit manawi kita menggali ribed kados ingkang wekasan poenika, wè tè, katah sanget. Nijatipoen andjenengi retrait namoeng monda-monda, gèk manoehipoen malah madosi ribed, wé la, kodjoeripoen mentjiti.

Mangka koela sadaja sapérangan ingkang ageng sampoen sami angenjami raosipoen retrait poenika kados-poendi; poenapa pedes, poenapa asin, poenapa legi etc.

Manawi koela pijambak bakda retrait, poenika roemaos anggadhahi soewiwi kalih ingkang apengkoeh, kanggé maboer sowan ing Pangajoenan Dalem.

Malah nalika sami sesarengan mantoek ing salebeting montor, wonten ingkang tjrijos makaten: „Ngéné iki oepama montoré toemboekan oetawa nabrak wit asem, malah keberneran, andèkna wong wis...”

Lo, semanten agenging penggalihipoen, roemaos poen badan aloes sampoen petak; kapoek dèn woelsoni, pramila boten badé adjrih ing pedjah.

Ing ngriki raos kamaremaning penggalih boten kènging koela atoeraken mawi poetjoeking epèn lan boten wonten tetemboengan ingkang anjekapi kanggé njandra katentreman, ingkang kita panggih ing sabbakdaning retrait.

Manawi pandjenengan boten pitados, soemangga koela atoeri njatakaken pijambak, béndjing September 1930, poenapa inggih makaten jektos, poenapa boten. Jèn njata boten makaten, koela atoeri moendoet nagih dateng koela kados tjang njamboetaken. Angger sami dipoenlam-

pahi toememen, tertamtoe boten badé mlèsèd saking atoer koela.

Retrèt pantjèn migoenani sanget, awit damel „kembangan pasowitan dateng Allah” dados „mantep ing pasowitan”, jèn sampoen mantep malah saged dados „saja mindak mantep malih”.

Langkoeng-langkoeng perloe sanget, kanggé sadèrèk ingkang dalemipoen tebih kalijan Pangèn Rohani. Awit poenika saja langkoeng ageng malih tetanggelanipoen, katimbang kalijan ingkang tjalak.

Sasoemerep koela ing Swara Tama ngriki kanggé taoen poenika boten wonten wara-wara retrait kanggé sadèrèk Malang toewin saantèronipoen kados ingkang sampoen.

Bokmanawi kènging dados, namoeng boten dipoenpatjak ing Swara Tama kémawon, nanging njatanipoen wonten jektos.

Soekoer manawi namoeng katalompèn boten kapatjak ing ngriki! Eman-éman sanget, manawi ladjeng boten kapenggalih.

**Algemeene-Broeder-Overste.**

Manawi tanpa aral satoenggal poenapa béndjing woelan November dawah tanggal sepoeh, oeta-wi latlatipoen dawah woelan December taoen poenika, pandjenenganipoen Algemeene-Broeder-Overste golongan Onbovlekte Ontvanging, badé angedjawi, perloe mriksa lan menggali soepados jejasanipoen sageda sampoerna jektos.

**Missie-actie ing nagari Walandi.**  
J. B. M. saking Madioen tanggal 17-9-29, martosaken:

Kala tanggal 17 September 1929 pang P. P. K. D. ing Madioen karawoehan djempolan kita Katholiek Djawi énggal ingkang nembé rawoeh saking nagari Walandi inggih poenika pandjenenganipoen A. J. Djoepri ingkang nembé angsal Hoofd-acte.

Wonten ngriki kasoewoenan priksa bab: Missie-actie ing nagari Walandi.

Mitoeroet pangandikanipoen bab jèn dipoentimbang kalijan kradjan sanèsipoen kalebet madjeng pijambak, nitik saking tradjang-tradjangipoen (lelabetanipoen).

Ing nagari Walandi sanadjan poenika waoe dèrèng dados wetenschap, nanging praktik ngadjengaken missie sampoen langkoeng katah saha sampoen kaatoer kalajan jektos, boten kados ing kradjan sanèsipoen. Boten namoeng pakempalan kémawon, dalasan partikelir oegi toemotoe njokong adjenging missie. Para Katholiek Walandi ing nagari Walandi boten namoeng mandjoeroeng adjenging missie ing bawahipoen pijambak (Oost-en West-Indië) nanging oegi sanès-sanès panggènan kadosta: ing nagari Tjina, Philipijnen, Britsch-Indië, Afrika, Canada, Skandinavië lan sanès-sanèsipoen, tjekak soemrambah ing sadjagad.

Nitik ing kawontenanipoen kanggé tanda jekti, ing poendi-poendi panggènan temtoe wonten Pastoer, Broeder lan Zuster bangsa Walandi, toer wragad-wragad kasanggè pijambak.

Nagari Walandi poenika ngantos dados pangoengsènipoen pakempalaning para missionaris (missie-orde roepi-roepi). Ing taoen 1927 ingkang sinaoe kanggé missie kinten-kinten wonten 6000 (nem ewoë). Kadjawi poenika katah jatra ingkang kakin-toenaken dateng ing missie.

**MANTJA NAGARI.**

**Nederland.**

Inggik kapilih dados pangarsa Tweede Kamer, golongan Katolik asma Mr. J. R. H. van Schaik.

**Tiongkok.**

Nagari Tiongkok pantjèn saweg dawah sangsara! Pasoelajan kalijan

nagari Roeslan dèrèng wonten woensanipoen; ngriki-ngriki kerep wonten wadya Roes tjampoeh kalijan wadya Tiongkok. Malah, Roeslan semoe-semoenipoen getem-getem sa-èstoe! Ichtijar soemedyo roekoer, tjabar! Dilalah, prakawis kalijan Roeslan taksih roewet, ing salebeting nagari Tiongkok pijambak toewoeh malih paprangan sadèrèk sami sadèrèk. Inggih poenika Tionghoa golongan kabangsan kalijan Tionghoa golongan kominis. Wiwitipoen kala tanggal 17 September, djalaran soeldadoenipoen Chang Fa Kuel golongan kominis, boten poeroen nglampahi pakènipoen paréntah kabangsan pindah saking Sanghai dateng Shantoeng. Golongan kominis malah ladjeng ngempal kalijan golongan ingkang damel gègèr wonten Kwangsi. Tjampoehipoen sanget ramé! (Sampoen leresipoen, manawi sesembahanipoen kamoenasika, moerid-moeridipoen, inggih samim rina, boten pradoeli mengsah bangsanipoen pijambak inggih tinemah.)

Salebetipoen wonten pasoelajan kalijan Roeslan, salebetipoen edrèl-edrèlan kalijan bangsanipoen pijambak . . . wonten pawartos wadya Djepang anawan soeldadoe Tiongkok 20 tjang, Prakawis poenika saweg katiti priksa. — Poenapa Tiongkok badé saged kalampahan kinaroebet tiga: saking Kilènipoen Wètanipoen, kalijan bangsanipoen pijambak ingkang golongan Kominis????

**Inggis - Djerman.**

Kabar Aneta Reuter saking Berlin 24 Sept. njarijosaken rembag gandèngipoen nagari sakalih-kalihipoen ingkang sampoen dados rembag dangoe, samangké saged kalampahan. Babadan Inggis dipoenpangarsani Lord Reading, babadan Djerman: Dr. Cuno.